Kisa tès pitit ou a fè pou detekte plon nan san an vle di?

Tès yo fè pou detekte plon nan san an ap endike ki kantite plon ki gen nan san pitit ou a. Plon kapab afekte kwasans yon timoun, konpòtman l ak kapasite pou l aprann. Plis rezilta a piba, plis li pi bon.

Laplipaditan, anpwazonnman ak plon rive lè timoun nan niche, vale oswa respire pousyè ki sot nan ansyen penti ki abaz plon yo. Pifò kay yo te bati anvan 1978 yo te pentire ak penti ki abaz plon, e ke yo souvan vin rekouvri ak lòt penti pi nèf. Lè nouvo penti a dekale, krake, oswa fin dekrepi, vin gen dè ti moso oswa pousyè ki soti nan ansyen penti ki gen plon an ki simaye atè nan kay la, sou ankadreman fenèt yo ak toupatou nan kay la. Lè konsa, pousyè penti abaz plon an ka ale sou men timoun yo, sou jwèt yo, ak nan bouch yo.

Prèske tout timoun te vin ankontak yon lè ak plon ki nan ansyen penti, nan tè, nan tiyo, ak ki sot nan nenpòt lòt sous. Se poutèt sa leta Nouyòk mande doktè teste tout timoun ak yon tès pou detekte plon nan san lè yo gen **ennan** epi *ankò* lè yo gen **2 zan.** Apresa, jouk timoun yo rive gen 6 zan, doktè yo oswa enfimyè yo oblije mande w, achakfwa ke w mennen timoun yo fè tchèkòp, pou w fè yo konnen si gen nenpòt fason timoun yo ta kapab vin ankontak ak plon. Yo oblije fè tès pou kèlkeswa timoun yo konnen ki te vin ankontak ak plon.

Lè yo jwenn yon rezilta ki elve nan san ke yo pran sou bout dwèt timoun nan, fòk yo refè yon lòt tès avèk san ke y ap pran nan yon venn (leplisouvan se nan bra yo pran l). Si dezyèm rezilta a wo toujou, lè sa a fòk ou swiv etap swivan sa yo.

Rezilta tès la an mikwogram pa desilit (mcg/dL)	Pwochen etap yo
0-4	• **Gen yon ti kras plon toupiti nan san pitit ou a.** • Rezilta yo abitye jwenn lè yo fè tès pou detekte plon pou timoun piti, se anmwayèn apeprè 2 mcg/dL.
5-9	• **Pitit ou a gen enpe plis plon nan san l pase laplipa lòt timoun.** • Pale ak doktè w oswa ak depatman sante ki bò lakay ou a pou w chèche konnen kòman pitit ou a te fè vin ankontak ak plon, e kijan w kapab pwoteje l kont sa. • Doktè w la kapab mande w retounen fè lòt tès pou timoun nan nan 3 a 6 mwa.
10-14	• **Nivo plon nan san pitit ou a elve. Lè gen yon rezilta ki rive 10 oswa ki depase 10, sa mande pou w pran yon aksyon sou sa.** • Doktè w la ak depatman sante ki bò lakay ou a pral diskite avèk ou sou sa pou yo ede w jwenn sous kote plon an soti ak kòman w kapab pwoteje pitit ou a. • Fòk ou retounen fè tès pou pitit ou a ankò nan 1 a 3 mwa.
15-44	• **Nivo plon nan san pitit ou a ase elve konsa. Oumenm ansanm ak doktè w la dwe aji rapidman.** • Pale ak doktè w oswa enfimyè a konsènan rejim alimantè pitit ou a, kwasans li, devlopman l ak tout sous posib plon ki kapab genyen. • Rele Depatman sante ki nan zòn ou rete a pou w mande yo eksplike w kouman pou w pwoteje pitit ou a. Yo kapab petèt vin vizite kay ou a pou yo ka ede w jwenn sous kote plon an soti a. • Si nivo plon an ant 15 a 24, fòk pitit ou a ta fè lòt tès nan 1 a 3 mwa ankò. • Si nivo plon an ant 25 a 44, fòk pitit ou a ta fè lòt tès ankò nan 2 semèn a 1 mwa.
45 oswa piwo	• **Pitit ou a bezwen tretman medikal san pèdi tan.** • Doktè w la ak depatman sante ap rele w osito ke yo gen rezilta tès la. • Pitit ou a ka oblije rete lopital, sitou si kay ou a gen plon ladan l toujou. • Depatman sante nan zòn ou a ap rann ou vizit pou ede w chèche sous kote plon an ap soti yo. • Pitit ou a pa dwe retounen nan kay la toutotan yo pa elimine sous plon yo oswa repare yo. • Epi fòk yo fè tès pou piti ou a ankò apre tretman an.

Non Timoun nan: _____ Rezilta tès la: _____ mcg/dL Dat la: _____

Si w pa wè rezilta tès la enskri la a, mande doktè w la oswa enfimyè a pou l ba ou l, pou l ekri li, epi sere l nan dosye w.

Kèlkeswa rezilta tès yo, swiv konsèy ki nan do dokiman sa a pou w sa anpeche nivo plon nan san pitit ou a monte piwo.

Odesi →

Kouman pou w pwoteje pitit ou pou l pa anpwazone ak plon

Repare penti abaz plon k ap dekale epi fè reparasyon nan kay la yo ak prekosyon.

- Pa kite timoun yo vini nan zòn kote ki genyen penti kap dekale oswa kote ki gen kal penti yo.
- Avan ke w fè nenpòt ki reparasyon nan yon kay ki te konstwi anvan 1978, rele depatman sante lokal la pou yo eksplike w kòman pou w fè travay la san danje e kòman pou w kenbe kantite pousyè a sou kontwòl.
- Timoun ak fanm ansent dwe rete lwen zòn reparasyon kote y ap travay sou ansyen vye penti pa egzanp, lè y ap sable ak grate mi yo. Fòk yo rete lwen zòn sa yo jiskaske yo netwaye yo ak metòd lavaj ak dlo ansanm ak aspiratè tankou sa yo rele HEPA yo (ki vle di fòk yo pa bale asèk).

Lave tout pousyè ki sou men, jwèt, bibwon, fenèt ak planche yo.

- Lave men ak figi pitit ou a apre l fin jwe, anvan l manje, epi anvan li al dòmi.
- Lave tout jwèt, animal anpelich, sison ak bibwon ak dlo ak savon plizyè fwa.
- Mope atè nan kay la souvan epi itilize sèvyèt papye ki imid pou netwaye toutotou ankadreman ak rebò fenèt yo.

Fè atansyon pou w pa mennen plon vin nan kay la nan rad, nan jwèt, oswa nan bijou w achte.

- Gen plon nan anpil bijou pou timoun, jwèt, kle, ak mèb ansyen. Al anrejistre sou sit www.cpsc.gov/cpsclist a pou w sa jwenn lis avètisman sou pwodwi pou timoun ke yo mande retire nan magazen yo.
- Gen sèten travay oswa pastan ki konn enplike ke w gen kontak ak plon. Men yon lis de kèlkezen ladan yo: fè penti, fè plonmri, fè konstriksyon, repare machin, oswa travay ak zam, vitray oswa potri. Pou w sa diminye nan kantite pousyè plon ke w kapab mennen lakay ou, chanje rad travay ou yo anvan w ale lakay ou; retire soulye w devan pòt kay la; lave rad ou sèvi pou travay oswa pou pastan w lan yo apa; lave figi w, men w, ak tout pati sou po w ki dekouvri yo anvan w ale lakay ou.

Pa kite gen plon nan manje w ak nan dlo tiyo w ap bwè a.

- Si gen kèlkezè de sa depi w te sèvi ak dlo tiyo a, kite l koule pandan yon minit anvan w sèvi avè l. Dlo ke vil la distribye oswa ki sòt nan pui konn gen plon ladan l lè tiyo yo ansyen.
- Toujou itilize dlo frèt nan tiyo a lè se pou bwè, fè manje oswa prepare bibwon tibebe a ke w ap pran l. Bouyi yon dlo *pa* elimine plon ki ladan l.
- Sèvi ak veso ki pagen plon ladan yo. Pa sèvi manje oswa estoke manje nan dè pla ki fèt ak eten, kristal, oswa ki fèt an seramik epi ki krake.
- Rele depatman sante ki nan zòn kote w rete a, oswa vizite sit entènèt ki piba a, pou w wè ki veso, epis, sirèt, pwodwi kosmetik ak remèd natirèl yo jwenn ki gen plon ladan yo.

Sèvi manje ki gen kalsyòm, fè ak vitamin C ladan yo sou tab.

Kalite manje sa yo ede fè plon an paka estoke nan kò pitit ou a.

- Manje ki gen **kalsyòm** ladan yo se: lèt, fwomaj, yawout, tofou, ak legim fèy.
- Manje ki gen **fè** ladan yo se: pwa, vyann mèg, sereyal yo fòtifye ak vitamin epi manba.
- Manje ki gen **vitamin C** ladan yo se: zoranj, ji zoranj, chadèk, tomat, piman dous.

Chèche jwenn plis enfòmasyon sou plon.

- **Pale sou sa ak doktè oswa enfimyè pitit ou a.**
- **Rele depatman sante ki nan zòn ou rete a. W ap jwenn nimewo telefòn pou rele a nan paj ble ki nan anyè telefòn ou an. Pou Vil Nouyòk ak Rochester, rele 311.**
- **Ou ka ale sou sit Depatman sante leta Nouyòk la nan adrès sa a: www.nyhealth.gov/environmental/lead**

2608

Leta Nouyòk
Depatman Sante
Haitian Creole

4/09